Kawi Dasanama

Punika Sêrat Kawi Dasanama, amratelakakên Kawining namanipun ingkang sami gumêlar wontên ing jagad sadaya

Ngayogyakarta

Sapar, Ehe 1812 – Dhesèmbêr 1882

--- 0 ---

Punika Sêrat Kawi Dasanama, amratelakakên Kawining namanipun ingkang sami gumêlar wontên ing jagad sadaya.

Sapar, Ehe 1812

--- [1] ---

Awignamastu namasidi

Punika ingkang kinarya bêbukaning Sêrat Kawi Dasanama, saurutipun kapratelakakên sadaya kados ing ngandhap punika.

Dasanamaning jagad: bawana | janapriya | triloka | rat | bumipala | buwana | tribawana | janaloka | warsi.

--- 2 ---

Punika dasananamaning langit: akasa | wiyati | antariksa |dyut | dikdik | tawang | dyumantara | gêgana | iswara.

Punika dasanamaning srêngenge: surya | rawi | arka | radeya | aruna.

--- [3] ---

Taksih dasanamaning srêngenge: baskara | bagaskara | bagaspati | radhitya | basu | arika.

Dasanamaning rêmbulan: candra | candrama | basônta | sitangsi | lèk | sasôngka | wulan | arki | diwangkara | sitèngsu | maera.

--- 4 ---

Punika dasanamaning angin: maruta | pawana | prahara | samirana | uswasa | anila | bayu | bajra | pracôndha | aliwawar | lesus | sindhung.

Punika dasanamaning mega: jaladara | erawan | ima | sisira.

Dasanamaning mêndhung

--- [5] ---

Punika dasanamaning mêndhung: danu | jaladha | têdhuh | wangkawa | tibêng | limêng | rêmêng.

Punika dasanamaning udan: warsa | wrêsti | jawuh | jawêh | riris | baruna.

Punika dasanamaning toya

--- 6 ---

Taksih namaning toya: tirta | warih | sindu | ranu | gangga | sangara | we | tuba.

Punika dasanamaning lèpèn: narmada | sungiya | banawi | banawa | minaka.

Dasanamaning sagantên

--- [7] ---

Taksih namaning sagantên: tasik | samudra | jaladri | jaladhiyan | sagara | waudaya | waudadi.

Punika dasanamaning tiyang: janma | janmi | jalma | nara | manungsa | wong.

Punika dasanamaning ratu

--- 8 ---

Taksih dasanamaning ratu: nararya | naradipa | narpa | narapati | sri | sribupati | bumipala | sri narendra | sri nata | prabu | narèswara | binathara | buminata | pramudya | sinuhun | susuhunan | katong | raja.

Punika dasanamaning pêpatih

--- [9] ---

Taksih namaning pêpatih: adipati | nayaka waktra | mangkubumi | natapraja | nindyamantri | mantri mukya.

Punika dasanamaning tumênggung: bupati | wadana | arya | nayaka.

Ya ta ing ngandhap punika lajêng amratelakakên namaning wadyabalaning ratu satunggal-tunggalling [satunggal-tunggal...]

--- 10 ---

[...ling] wadya dalah kawajibanipun piyambak-piyambak sami kapratelakakên ing ngandhap punika, sarta uruting pêpangkatan sami dipun têgêsi piyambak-piyambak.

Patih: parentah, inggih punika ingkang winênang amarentah para wadya sadaya. Utawi ingkang kapasrahan pangawasa anampurnakakên parentah saulahing panata praja.

--- [11] ---

Adipati: pangagênging parentah, inggih punika ingkang winênang anampèni parentahing ratu, utawi ingkang kaserenan pangawasaning pêpatih amarentahakên patraping lêlêrêsan.

Senapati: amangku parentah, inggih punika ingkang winênang anggadhuh pangawasaning ratu, kapasrahan angrèh para prajurit. Amariksani ingêripun gêlaring prang, anglanglang pringgabayaning paprangan.

--- 12 ---

Bupati: bawahaning parentah, inggih punika ingkang winênang amarentah dhatêng bawahipun piyambak. Utawi kalêrêsan anampèni parentah saking pêpatih.

Adipati kupu: adipati mardika, inggih punika ingkang amadanani para pandhita, utawi para pradikan ing sapanunggilanipun sadaya, winênang amarentahakên saulahing panata agama.

Tumênggung: dhênggung, utawi têtindhih.

--- [13] ---

Inggih punika ingkang winênang amariksani samukawis lêlampahan ayahaning ratu, saha kabêbahan ulah dêdamêl ingkang dados agêming ratu, sarta kawajiban ananggêl awon saening kancanipun.

Nayaka: panunggul utawi pangirid. Dening dados pangagênging bala, inggih punika ingkang winênang amatah padamêlaning bawah karerehanipun sadaya.

Wadana: rai, utawi pangajêng.

--- 14 ---

Inggih punika ingkang winênang dados ulu-ulu patraping padamêlan. Saha ingkang wajib dados pangajênging lampah.

Punggawa: pangayap, utawi pangawinan. Têgêsipun malih pangampilan. Inggih punika ingkang kabêbahan dados têtindhihing ampilan upacara kapraboning ratu, utawi angampil parentahing pêpatih.

Ariya: luhur, utawi padhang, inggih punika santananing ratu ingkang winênang anunggil padamêlan kalihan para wadana

--- [15] ---

utawi para wadana ingkang taksih kalêbêt santana punika wênang sinêbur ariya.

Sinangarya: sinêbut luhur. Inggih punika para punggawa ingkang winênang anunggil padamêlan kalihan para santana.

Panji: panunggul. Inggih punika santana ingkang winênang dados pangajênging prajurit.

Pameya: bôngsa linuwih. Inggih punika bangsaning para agêng ingkang winênang dados sêsulih anglampahi [a...]

--- 16 ---

[...nglampahi] padamêlaning para punggawa.

Kaliwon: kapiji, dening winênang anampèni parentah saking bupati, utawi têgêsipun malih kalih ewon. Punika kabêkta saking lênggahipun kala ing kina siti dhusun karya kalih èwu.

Panèwu: Golongan. Dening winênang anampèni parentah saking kaliwon, kadhawahakên dhatêng golonganipun. [golongani...]

--- [17] ---

[...pun.] Utawi têgêsipun malih panewon. Punika kabêkta saking lênggahipun kala ing kina siti dhusun karya sèwu.

Mantri: linuwih, utawi sapocapan. Dening kawênangakên imbalan wacana kalihan para agêng, saha langkung waskitha kadadosanipun ing lampah tigang prakawis. Ingkang rumiyin nistha, inggih punika sagêd anyinggahi patraping lampah ingka[1] dhawah

--- 18 ---

nistha. Kaping kalih madya, inggih punika sagêd anêtêpi patraping lampah ingkang dhawah madya. Kaping tiga utama, inggih punika sagêd angantêpi patraping lampah ingkang dhawah utami.

Arya pêpati: wadana parentah. Inggih punika ingkang kapitadosan anampèni dhawah anglampahakên parentah.

Arya tiron: wadana panulad. Inggih punika ingkang kapitadosan [ka...]

--- [19] ---

[...pitadosan] amêmulang ing lampah utami, utawi ingkang kabêtahan amatrapakên sakathahing padamêlan lêrês, saha ingkang winênang anjagèni pandamêling mêngsah.

Aryaleka: têgêsipun wadana pananggalan. Inggih punika ingkang kapitadosan anglurahi para wadya ahli etanging palak pananggalan sapanunggilanipun.

Aryajômba: wadana pasucèn. Inggih punika ingkang kapitadosan [kapita...]

--- 20 ---

[...dosan] anglurahi para wadya pangulu toya, ingkang sami ulah rêrêsik salêbêting pura, utawi ngrêsiki pasiramaning ratu.

Arya manguri: wadana pamudharan. Inggih punika ingkang kapitadosan anglurahi para wadya jêksa, winênang amudhari karampungan ingkang dèrèng lêrês. Kawajibanipun amrayogi lampahing prakawis.

Arya niti: wadana sêtya. Inggih punika [pu...]

--- [21] ---

[...nika] ingkang kapitadosan anglurahi para wadya gêdhong, winênang anggêmèni kagunganing ratu, saha amariksani damêling para wadya among tani sadaya.

Arya kôndha: wadana dagang. Inggih punika ingkang kapitadosan anglurahi para wadya sudagar, kawajibanipun amariksani ingkang sami anglampahakên wêdaling gêgramèn ingkang saking nagari, utawi [uta...]

--- 22 ---

[...wi] lêbêting gêgramèn ingkang saking amôncapraja.

Patya tandha: amarentah tôndha. Inggih punika ingkang kapitadosan amadanani para pabeyan bandar dharat. Kawajibanipun anyêpêng pangawasaning pêkên ing sapanunggilanipun sadaya.

Pêcatôndha: wêtahing têmbung: pêcatôndha, têgêsipun pamêcat andhaning

--- [23] ---

baita, inggih punika ingkang kapitadosan amadanani para pabeyan bandar laut sadaya, kawajibanipun anyêpêng pangawasaning muara sagantên ing sapanunggilanipun.

Tôndha mantri: mantri tôndha. Inggih punika ingkang kapitadosan dados juru pamupu beyaning pêkên.

Ôndhamoi: pangkataning pangulah, inggih punika ingkang kabêbahan amêmangkat [amêmang...]

--- 24 ---

[...kat] ulahing padamêlan. Ingkang pancèn ulah padamêlan agal utawi lêmbat. Sami pinatah piyambak-piyambak padamêlanipun.

Daksa: jêjênêng. Inggih punika wadya jêksa ingkang kabêbahan angrampungi lêlêrêsaning prakawis.

Jambaleka: padhang wulan. Inggih punika ingkang kabêbahan dados juru amariksani samukawis. Saha

--- [25] ---

Taksih jambaleka: winênang amot amêngku wisesa dhatêng prakawisipun tiyang ulah wisaya amêndhêt ulam toya.

Pujôngga: ulah pamêsu raga. Inggih punika ingkang kabêbahan anganggit cariyos mawi kasêkarakên. Kawajibanipun amêmantês uruting ukara kalihan amatrapakên tatakramaning sêrat kintunan ingkang sagêd angrapêtakên ing arênggang.

--- 26 ---

Panjang jiwa: wêtahing têmbung: panjang jihwa, têgêsipun lidhah panjang, inggih punika ingkang kabêbahan andhawahakên parentah.

Ulubalang: pangajênging pacalang, inggih punika ingkang kabêbahan dados juru anglampahakên sêrat.

Anggandhèk: anyandhik. Inggih punika ingkang tinêdah angêmban timbalaning ratu, utawi ingkang kabêbahan angrukti pirantosing pagantenan.

--- [27] ---

Kabayan: lantaran. Inggih punika ingkang kabêbahan dados lantaran andhawahakên parentah.

Angabèi: angimpuni, dening anarambahi lampahipun ing padamêlan sadaya.

Dêmang: cêcêpêngan utawi bêbundhêl. Inggih punika ingkang kabêbahan anyêpêng padamêlan bawah padhusunan. Utawi kapitadosan anyêpêng sakathahing lêlangên [lêla...]

--- 28 ---

[...ngên] busana karajan sapanunggilanipun. Winênang amêmantês panganggèning para wadya sadaya.

Rôngga: wêwêngku utawi pangrêngga. Inggih punika ingkang kabêbahan anyaèni sawêwêngkoning bawahan. Winênang amangun sêsikon padalêman salêbêting pura, miwah angrakit pasanggrahan.

Kandhuruhan: paserenan. Inggih punika ingkang kaserenan dhawah utawi anampurnakakên [anampur...]

--- [29] ---

[...nakakên] parentah.

Pasêpan: têtêlik. Inggih punika ingkang kapitadosan dados juru pangingsêp-ingsêp samukawis.

Pamotan: pangêmotan. Inggih punika ingkang kapitadosan amingit wêwadosing ratu.

Karêrêngan: kawingitan. Inggih punika ingkang kabêbahan dados juruning panglanglang salêbêting pura.

Kajinêman: kasidhêman. Inggih punika [pu...]

--- 30 ---

[...nika] ingkang kabêbahan dados juru panglanglang salêbêting praja.

Pandêlêgan: panêngkêlan. Utawi panênungan. Inggih punika ingkang kabêbahan dados juru tênung miwah juru nujum ingkang bôngsa pêpetangan sapanunggilanipun.

Palimpingan: pralambangan. Inggih punika ingkang kapitadosan ulah jangkaning nagari.

Pasingsingan: sabarangan. Inggih punika [puni...]

--- [31] ---

[...ka] ingkang winênang ambawahakên para wadya griya sadaya.

Salingsingan: salisiban. Utawi saliringan. Inggih punika ingkang winênang ambawahakên para wadya anon-anon sadaya.

Pakulupan: pamagangan. Inggih punika ingkang winênang angrèhakên para wadya pamagangan sadaya.

Pangalasan: juru wêwanan. Inggih punika ingkang kabêbahan amêndhêt kajêng dhatêng wana.

--- [32] ---

Tuwaburu: tukang ambêbujêng. Inggih punika ingkang kabêbahan amêndhêt sato wana, winênang angrêramu sato galak.

Wuruk: kusiripun ing titihan padhati.

Mantri panglima: mantri mônca gangsal. Inggih punika pangagênging mantri amônca dhusun, alênggah mantri panèwu.

Umbul: pêpundhèn. Inggih punika ingkang dados wadananing têtiyang padhusunan, [padhusu...]

--- [33] ---

[...nan,] alênggah mantri panatus.

Bêbuyut: sêsêpuh. Inggih punika ingkang dados kamisêpuhing têtiyang padhusunan. Alênggah mantri panèkêt.

Adèn-adèn: kaluwihan. Inggih punika ingkang dados guru utawi panguluning têtiyang alit ing padhusunan. Alênggah mantri panglawe.

Lurah: ulu-ulu, utawi kapala, têgêsipun malih [ma...]

--- 34 ---

[...lih] pangajênging panggenan. Inggih punika ingkang kawênangakên dados sêsirahing padamêlanipun têtiyang alit ing padhusunan. Alênggah sapalihing mantri panglawe.

Patinggi: pamangkat. Inggih punika ingkang kawênangakên amêmangkat padamêlaning têtiyang alit ing padhusunan. Alênggah sapalihing lurah.

Bêkêl: têngga utawi tênggah. Têgêsipun malih

--- [35] ---

ancêr. Inggih punika ingkang kawênangakên rumêksa awon saening padhusunan. Alênggah sapalihing patinggi.

Paragak: guru, utawi pakah, inggih punika ingkang kabêbahan anglêrêsi prakawisipun têtiyang alit ing padhusunan. Alênggah sapalihing bêkêl.

Sikêp: pirantos. Inggih punika têtiyang alit [ali...]

--- 36 ---

[...t] ingkang anyanggi damêl. Alênggah sapalihing paragak.

Karaman: arahan. Utawi anjrahan. Inggih punika têtiyang alit ingkang botên anyanggi damêl. Amung ngindhung abarak sakawan kemawon.

Punika wêwijanganing namanipun para priyantun satunggal-tunggal. Nama saha lajêng tinêgêsan. Kados ing ngandhap punika.

Panji andaka: tungguling bêbanthèng.

--- [37] ---

Inggih punika lêlurah ingkang dados sosoran pangajênging prajurit.

Wirancana: prajurit sanglingan. Inggih punika prajurit miji.

Wiraraja: prajurit karajan. Inggih punika prajurit lêbêt.

Wirasinga: prajurit pikuwat. Inggih punika prajurit jawi.

Wirasari: singa barong, inggih punika prajurit ingkang rumêksa para pawèstri.

--- 38 ---

Suratani: kakêndêlaning tani. Inggih punika prajurit dhusun.

Ing ngandhap punika jarwanipun namaning ratu, utawi para santana abdi ingkang dèrèng kasêbut ing ngajêng wau, sami dipun jarwani namanipun piyambak-piyambak.

Sêbutaning nama --- Têgêsipun

Ratu: anyarambahi
Gusti: rahsa gunêm. Pasêbutan.
Bêndara: aub-aub = sêsêpuh.
Kangjêng: ingkang suku.

--- [39] ---

Susuhunan: pêpundhèn.
Panêmbahan: panyêmbahan.
Pangeran: pangawulan.
Ariya: luhur = padhang.
Panji: têtunggul.
Rahadèn: sêsotya, bagus.
Kiyai: sêsêpuh, minôngka kaki.
Pangulu: sêsirah = pangajêng.
Santri: magangan, panakawan.
Pakathik: panganthi.
Pagondhal: panggondhol.
Jajar: jèjèr = rampak.

--- 40 ---

Têlas têgêsipun nama para abdining ratu ingkang sami anyanggi damêl. Ing mangke amangsuli uruting dasanama kang sampun kasêbut ing ngajêng, candhakipun ing ngandhap punika.

Dasanamaning gêni: dahana | pawaka | brahma | panjuta | brama.

Dasanamaning lagar: unu | dahanala | siking | apuy | apiy | dhidhika.

Ing ngandhap punika dasanamaning bumi

--- [41] ---

Dasanamaning siti: bumi | siti | pratala | bantala | kisma | atana | pratiwi.

Dasanamaning gunung: prawata | prabata | wukir | acala | arga | ardi | himawan | maendra | giri |

--- 42 ---

mèru.

Punika dasanamaning alas: wana | wanadri | bana | siluka | wanawasa | wawrita.

Punika dasanamaning kêkayon: kêkayun | kêkajêngan | taru-taru | tarwa.

Punika dasanamaning pratapan: padhepokan | palinggitan |

--- [43] ---

pasamadyan | pahênêngan | pasubratan | kawakyan | kapadyan | pasdyan.

Punika dasanamaning pandhita: bagawan | maharsi | mahayêkti | mahamuni | muniwara | widhi wacana | supadya | sunyata.

--- 44 ---

Taksih pandhita: subrata | mahahêning | kawakya | wiku | mahabrata.

Namaning sosoran pandhita: ajar | wiyata | jêjanggan | bêbuyut | puthut | bangbang | cantrik | cêcèkèl | manguyu | ulu guntung |

--- [45] ---

indung-indung | ubon-ubon.

Punika dasanamaning pujôngga: kawiswara | muniwara | maharjana | prawyata | mandraguna | nawungkridha | sambegana | mardibasa | kawindra | kawarja.

Punika dasanamaning ula: sarpa | taksaka |

--- 46 ---

sawêr | aliman | bujôngga | walika | prawisa.

Punika dasanamaning manuk: kukila | paksi | kaga | patuka | briyaka.

Punika dasanamaning buta: danawa | rasaksa | janawrêka | yaksa.

--- [47] ---

Taksih dênawa: ditya | diyu | wil | kujana | raksasa | narasingha.

Punika dasanamaning macan: singha | sima | pragalba | sardula | wikridhita.

Punika dasanamaning cèlèng: sungkara | gotaga | cêlêngan.

--- 48 ---

Taksih dasanamaning cèlèng: waraha | wribaka | durhôngsa | jera.

Punika dasanamaning banthèng: andaka | andhanu | danuka | lêlawung | lêlaki | anggambira | surabaka | pringgabaka | danupaya.

Punika dasanamaning manjangan: [m...]

--- [49] ---

[...anjangan:] samsam | sangsam | kardhi | kucula | kubraja.

Punika dasanamaning kêthèk: rewanda | wre | kênas | wanara | kuthila | kunara | palwaga.

Punika dasanamaning gajah: èsthi | dipangga |

--- 50 ---

dipôngga | dirada | diradhaka | dwipa | waniti | matangga | liman | madanta.

Punika dasanamaning jaran: turôngga | wajika | undhakan | kalêngki | aswa | kuda | kapal.

--- [51] ---

Punika dasanamaning kêbo: maesa | misa | mundhing | trêbayan | mandhanu | iwaka.

Punika dasanamaning sapi: lêmbu | gumarang | andana | gora.

Punika dasanamaning wêdhus: maenda | maendha | mimika.

--- 52 ---

Punika dasanamaning asu: kucika | cêmêra | sona | srênggala | sêgawon | tusa | anjinga | wrêka | cikaya.

Punika dasanamaning kucing: pusa | kusingha | pisa | sardulawangsa | cêmraya | singhagraha.

--- [53] ---

Punika dasanamaning pitik: sata | kruwaka | ekraya | ayam.

Punika dasanamaning bèbèk: cakrawaka | ririka | wesaba | lur mangsa.

Punika dasanamaning banyak: ôngsa | cor balwa | maklinga | wetana |

--- 54 ---

wesaba.

Punika namaning pêksi pritgantil: kudhasih | tidharsa | mamlinga.

Punika dasanamaning kombang: brêmara | tuskara | madukara | madubrata | tusari | sadpara | maririka.

Punika dasanamaning ulam toya: mina | jita |

--- [55] ---

wyangga.

Punika dasanamaning griya: wisma | graha | wangun | bale | gothaka | dalêm | omah | yasa | panti.

Punika dasanamaning paturon: patilêman | pasuptan | pajungutan | tilam | pamrêman |

--- 56 ---

paprêman | tilamsari | pakêjêpan | panendran | pagulingan | pakulinan.

Punika dasanamaning pamujan: pamêlêngan | pasamadèn | pacrabakan | pahêningan | pahênêngan | pamudyan.

Punika dasanamaning lawang: pintu | gopura |

--- [57] ---

goyasa | wiwara | kori | dwara.

Punika dasanamaning awak: wanda | angga | ôngga | sarira | bahadan.

Punika dasanamaning êndhas: murda | utamangga | têndhas | mastaka |

--- 58 ---

sirah | kapala | puka.

Punika dasanamaning rambut: keswa | rema | wèni.

Punika dasanamaning rai: muka | pasuryan | paraupan.

Punika dasanamaning mata: netra | aksi |

--- [59] ---

tingal | mripat.

Punika dasanamaning irung: hraga | nusika | pangsêpan.

Punika dasanamaning cangkêm: lathi | lesan | tutuk.

Punika dasanamaning gulu: jôngga | tênggêk | ondhanga |

--- 60 ---

Punika dasanamaning dhadha: jaja | krudha | wijangan.

Punika dasanamaning tangan: asta | sikara | sweda | buja | bahwa | bau.

Punika dasanamaning wêtêng: padharan | garbaya | dhara | udara |

--- [61] ---

udaya | pamhwat.

Punika dasanamaning ati: nala | wardaya | sita | tyasya | manah | driya.

Punika dasanamaning sikil: suku | sampeyan | pada | paduka | daga |

--- 62 ---

jêng | jung.

Punika dasanamaning kulambi: bajo | baju | rasukan | wingkisan.

Punika dasanamaning sabuk: paningsêt | taliwanda | mêkêk madya.

Punika dasanamaning bêbêd: bêbêr | wastra | sinjang.

--- [63] ---

angkinangga | nyamping.

Punika dasanamaning kêris: curiga | katga | dhuhung | wangkingan | brajangga.

Punika dasanamaning ali-ali: sim-sim | kalpika | sêsupe.

Punika dasanamaning kalung: ekal | sangsangan.

--- 64 ---

Punika dasanamaning wit-witan: taru-taru | karang | itri |[2] kirna | ywaman | pasryan | trêsan | kêkaywan.

Punika dasanamaning kêkayon rêbah: prabatang | patêngklan | wrêksa | padlêgan |[3] balwaka | glandhwang.

--- [65] ---

Punika dasanamaning godhong: rondhon | ron | patra | dhaon | rwan | dhahwan.

Punika dasanamaning kêmbang: puspa | puspita | sari | bungaha | skar | gandaka | paslagan.

Punika dasanamaning uwoh: [u...]

--- 66 ---

[...woh:]

Punika dasanamaning uwoh: pala | wagdra | wwah | wwaha.

Punika dasanamaning oyot: lata | suktala | mingmanga | ywat | purusa | akratadha.

Punika dasanamaning talutuh: taltêh | taltah |

--- [67] ---

puwatêtan | slakêt.

Punika dasanamaning karingêt: swanita | wyangga | tirtangga | esyangha | eswak.

Punika dasanamaning êluh: saspa | wayaksika | mrapaya.

Punika dasanamaning idu: ludha | wedhara.

--- 68 ---

Punika dasanamaning tumbak: watang | lawung | gala | talêmpak | dor | cuh-cuh | tuhuk | ganjura.

Punika dasanamaning panah: warastra | sara | sanjata | astra | warayang | jêmparing | naraca.

--- [69] ---

Punika namaning jêmparing kasêktèn: bramastra, têgêsipun jêmparing latu | barunastra, têgêsipun jêmaring[4] mawi jawa | naraca, têgêsipun jêmparing ewan | saradumilah: têgêsipun jêmparing mawa cahya | sanjata pawana: têgêsipun jêmparing mêdal prahara.

Punika dasanamaning gandhewa: capa | danu | langkap | suksara | tomara.

Punika dasanamaning wêwadhah: kotaka | kardhaka | tampata | gatha |

--- 70 ---

pêtika | krêdha | baba | cêpura.

Punika dasanamaning dhuwit: picis | ardaga | arta | dana | sumrêta.

Punika dasanamaning sandhang mangangge: busana | subangga | kuswaraga | dandan.

--- [71] ---

dangdos | sawega | mangrasuk.

Punika dasanamaning bapa: rama | yayah | sudarma | bapaka.

Punika dasanamaning biyung: bibika | rena | sudarmi | babu | mibu | êmbok.

--- 72 ---

Punika dasanamaning anak: tanaha | wêka | atmaja | siwi | siwaya | putra | suta | sunu.

Punika dasanamaning bojo: garwa | rèni | garwita | swami | somah | jodhwa.

Punika dasanamaning tuwa: [t...]

--- [73] ---

[...uwa:]

Taksih namaning tuwa: tuha | warda | wrêda | spuh.

Punika dasanamaning panêngah: pamade | pamodya |[5] pramadi | matula.

Punika dasanamaning ênèm: taruna | mudha | anyam | taruni.

Punika dasanamaning sadulur

--- 74 ---

Taksih lajêng dasanamaning sadulur: kadang | sudara | sabaga | sarena | sabibi.

Punika dasanamaning sanak: kadeyan | sawarga | sawita | santana | sabraya.

Punika dasanamaning kakang: graja | rakwa | kaka.

--- [75] ---

raki | raka | darmangka.

Punika dasanamaning adhi: yayi | ari | rayi | antên.

Punika dasanamaning kaponakan: pulunan | putrayan | mrasuha | kapedhanan | jawangsa.

Punika dasanamaning batur: [b...]

--- 76 ---

[...atur:] abdi | dasih | kawula | rencang | punakawan | bal | panêkar | lêskar. Punika dasanamaning prasanakan: prasobatan | mêmitran | pasudharan | prawargan | kêkadangan | pakulinan | pawong mitra.

--- [77] ---

Punika dasanamaning garwa ratu: pramèswari | pramèswara | swamindra | narpadayita | sori | narèswari.

Punika dasanamaning putra ratu: narpatmaja | narpaputra | narendraputra | darmaja | darmaji | rajaputra | surendra | narpasiwi |

--- 78 ---

narpasunu | atmajendra | prabusiwaya | sipayendra |[6] rajasiwaya | darmendra.

Punika dasanamaning senapati: senaraja | senanata | surènglaga | wiramanggala | wirasena | manggalèng prang | surèngkewuh | nrangbaya | nrangwèsthi |

--- [79] ---

danupaya | senaraja | senapraja | wirapraja | sindusena | pratiwanung | surèngbala | natayuda | mangkuyuda | mangkudilaga.

Punika dasanamaning nagari: praja | pura | puraya | nagara | radya | rajadhan | kutha |

--- 80 ---

srimandhala.

Punika dasanamaning utusan: duta | caraka | kèn-kenan | prajaka | gandhèk | codaka |[7] saralathi | panjang jihwa | kabayan | wimbasara.

Punika dasanamaning layang-layang:[8] kintaki | wilapa | pustaka | supatra | ksara |

--- [81] ---

nawala | pratandha | pratisara | pyagêm | srat.

Punika dasanamaning prajurit: pratiwa | prawira | sarjana | pragola | pragosa | prayudha.

Punika dasanamaning aprang: uklaya | ayuda | ajurit |

--- 82 ---

alaga.

Punika dasanamaning kêkêrêngan: pancakara | pancabakah | brêwala.

Punika dasanamaning nêpsu: bramatya | duhka | gadgada | madêgsura.
Punika dasanamaning mêmisuh: macara-cara | mêmbaga | sot-sot | ngundha-tundhat |[9]

--- [83] ---

ngumanuman |[10] ngundhamana | mêmêsêh.

Punika dasanamaning sakit manah: runtik | rêngu | sêrêng.

Punika dasanamaning susah: sungkawa | duhkita | hrêdaya | rudita | rudatin | sêkêl | prihatin |

--- 84 ---

kinkin | rêntêng.

Punika dasanamaning lara: kapidhara | gêrah | roga | sakit | kêklangga | anggalaya.

Punika dasanamaning tatômba: usada | usadi | pawitrangga | martangga | lêmar |

--- [85] ---

jêjampi | obwata.

Punika dasanamaning waras: waluya | nirmala | saras | sênggang | nirroga | niskala.

Punika dasanamaning pati: palastra | pjah | murud | mindra | antaka | layat |

--- 86 ---

luyut | lênyêp | lampus | padhêm | seda | surud.

Punika dasanamaning kalêngêr: kajantaka | kantaka | gumuling | sumaput | kapilêng.

Punika dasanamaning kataton: kabranan |

--- [87] ---

kaprajaya | kaprawasa | katatwan.

Punika dasanamaning kasor prang: kalindhih | katitih | kasoran | kajayan | kasêsêr.

Punika dasanamaning ajrih: miris | giris | katrêsan | ulap | liris | wrinwrin | lèrèl.

--- 88 ---

Punika dasanamaning kapalayu: kaplajar | kapalajêng | kabujung | kaplaksana | kabuya | kaburu | koyak.

Punika dasanamaning kacandhak: kacêpêng | kaasta | krêgêma | kaskêl | kamêl.

Punika dasanamaning kabônda: [k...]

--- [89] ---

[...abônda:] kapikut | katawan | pinusara | sinangkali | binêsta | winayuyung.

Punika dasanamaning têluk: nungkul | mintajiwa | srah jiwa | minta kupama | matundhuk | mandhêk.

Punika dasanamaning têtunggangan: swandana |

--- 90 ---

puspaka | wimana | titihan | wahana | tumpakan | munggwan.

Punika dasanamaning wêngi: ratri | kulêm | titisunya | ratrikala | dalu.

Punika dasanamaning awan: ari | arika | syang |

--- [91] ---

prabarka | markaya | wijanarka | marka.

Punika dasanamaning padhang: pajara | pajar | tarawanga | trangga | rasi.

Punika dasanamaning pêtêng: tidhêm | rêmêng | limêngan | dhêt-dhêt | maglapa.

--- 92 ---

Punika dasanamaning lanang: jalu | jalêr | priya | kakung.

Punika dasanamaning èstri: wadon | wanudya | pawèstri | dyah | stri | darini.

Punika dasanamaning garimis: krêmun | caracap | truh |

--- [93] ---

têrêh | awun-awun | rêrawun.

Punika dasanamaning calèrèt: cararat | cancala | kilat | thathit | lidhah | obar-abir | sêsiring.

Punika dasanamaning galudhug: glêdhêg | guruh | guntur |

--- 94 ---

gêtêr | goraya | gêntur.

Punika dasanamaning balêdhèg: mawrahas | wrahaspati | glap | wrêstika | mapilêng.

Punika dasanamaning jawah adrês: musus | mêsês | mrakêmpa | sumêmbur | balbah |

--- [95] ---

sêg-sêg | drês.

Punika dasanamaning banjir: umrika | rob | mlahar | mlapar | mlabar | bna.

Punika dasanamaning baita: palwa | jakung | jong | parau.

Punika dasanamaning sudagar: [s...]

--- 96 ---

[...udagar:]

Punika dasanamaning sudagar: nangkodha | bahnija | sudhana | suharta | rajadana | sadhana | pararta | mahardana | krêtidana | krêtyarta | mardyarta.

Punika dasanamaning momotan: mwat-watan | bwat-bwatan | ojotan | mandhulan.

--- [97] ---

Punika dasanamaning kanthong: karumba | kandil | kandhi | kêkompol | kasang | êsak | karung.

Punika dasanamaning sorot: praba | hera | ujwala | jwalita | sunar | ulad | sayêmpraba |

--- 98 ---

kênyar.

Punika dasanamaning êmas: rukmi | tatura | kancana | sauna | jneka | surêtna.

Punika dasanamaning wêsi: garita | balitung | dhêdhêgan | grindan | parwan | palwanan | tosan.

--- [99] ---

Punika dasanamaning pagêr: saroja | jaro | jarwa | tabaga | btheka | sêsadi | jarjêg.

Punika dasanamaning gêgawar: sawi | sawar | wawar | kêkênthêng | talicara | hwar-hwar.

Punika dasanamaning tugu watês: [w...]

--- 100 ---

[...atês:] dêdêkan | jêksa | wêwayang | turus | anjir | dhadhêhan.

Punika dasanamaning dhusun: banarja | dhkahan | dhesa | banasri | dhukuh | dhêkah | banjar.

Punika dasanamaning wit asêm: [a...]

--- [101] ---

[...sêm:]

Taksih lajêng dasanamaning asêm: amla | kcutaka | sinwam | aswam.

Punika dasanamaning karambil: nyu | tirisa | kalapa | kapeka | kameta | puntiran | puyêhan.

Punika dasanamaning pring: dlinga | carangga |

--- 102 ---

dhurika.

Punika dasanamaning lêmpuyang: tilarsa | tampuyang | jalirih.

Punika dasanamaning abrit: rêta | merah | bang | jingga.

Punika dasanamaning irêng: krêsna | jamus | cmêng | cêlêng |

--- [103] ---

tanu | ngus | lamus | langking.

Punika dasanamaning ijo: wilis | ijêm | rêrênyêpa.

Punika dasanamaning kuning: jênar | pita | jne.

Punika dasanamaning putih: pingul | seta |

--- 104 ---

danta | pthak | wilantên.

Punika dasanamaning bêning: wêning | santa | maya | jômba | dlinga | nlah.

Punika dasanamaning ilang: ical | nir | nis | murca | lwas.

--- [105] ---

Punika dasanamaning kesah: mentar | linggar | lungha | miruda | mindra | mahas | menggar | wisata.

Punika dasanamaning andhêlik: sênêdan | singidan | umpêtan | limpêt | mêmpên.

Punika dasanamaning anginjên: [a...]

--- 106 ---

[...nginjên:] anginte | angingsêp | angintip | manlika | andhodhok | dêdingkik.

Punika dasanamaning mirêng-mirêngakên: manilingkên | madlingkên | marênggyakên | mangisêp-ingsêp | marênga-rênga | mètrênga.

Punika dasanamaning anamur: anamar | anandi | masandi |

--- [107] ---

namun | mor-mor.

Punika dasanamaning sukêt: rumput | dhukut | kêkatang | rênggêt | rêrêngkêt | rungkut | dukut.

Punika dasanamaning aling-aling: nanda | têtèbèng | warana | kêkêlir |

--- 108 ---

têbêng | tèdhèng | gêbra | tamèng.

Punika dasanamaning cagak: dêksaka | rêksaka | jênggraha | jangwisma | hwat-hwat | madaha.

Punika dasanamaning candhela: pantera | tingkapa | janila | prabaja |

--- [109] ---

prabaka | maeran | kantera | marapika.

Punika dasanamaning kêkobongan: gowisma | krobongan | gopanti | pêpajangan | pajêgan | patanèn | tilam madya.

Punika dasanamaning pakiwan: pajamban | pasucyan | pabongan | padusan.

--- 110 ---

Punika dasanamaning mangan: nadhah | amboja | bojana | amboga | nêdha | nêpta | dhahar.

Punika dasanamaning angombe: minum | ngumwe | nginum | mansêp | ngop | nrot | sêp-sêp.

--- [111] ---

Punika dasanamaning anginang: mucang | nyêrêh | nydhêh | mangganhyan | manigan.

Punika dasanamaning udut: sês | ngalcisa | ngumbrada | lêsêsa | tbag binonga.

Punika dasanamaning sisig: lathi | manggigi.

--- 112 ---

Taksih dasanamaning sisig: mangêsika | ngraras waja | mangêngêsa | mambêlêt gusika | masri muka | manitya.

Punika dasanamaning susur: manasar | panaswar | nambêk ludha | swar-swar | sumpla | tambak waya | tambak lupaka.

Punika dasanamaning pêpaès: [p...]

--- [113] ---

[...êpaès:]

Taksih dasanamaning pêpaès: pahyas | mandara | mandaraka | mawrêna | mawrêni | mapilis | tasikan | srimukya.

Punika dasanamaning mangangge: mangrasuk | mabusana | masriwanda | ngraras angga | dandan | dandos.

Punika dasanamaning gêgêlung: [g...]

--- 114 ---

[...êgêlung:] makeswa | maukêl | uklan | tapwèni | glungan | maglung | tap rema | ngraras wèni.

Punika dasanamaning cêcundhuk: sangsangan | puspwanuji | têtêglung | sêsemyok | skar suji | sarikeswa.

Punika dasanamaning sêsumping: [s...]

--- [115] ---

[...êsumping:]

Taksih lajêng dasanamaning sêsumping: puspakarna | karnanteya | karna sri | kêkiping | monceka | mnangsang.

Punika dasanamaning unyêng-unyêngan: munyêngan | mundrèn | pusran.

Punika dasanamaning êmbun-êmbun: sundhulan | dêdêlan | dul-dulan |

--- 116 ---

ktêgan | têmbwatan | cumlêngan.

Punika dasanamaning bathuk: rap-rapan | larapan | mujwalan | mujwalitan.

Punika dasanamaning alis: imba | macaya | kêkuwung | imbwaya.

Punika dasanamaning pipi: [p...]

--- [117] ---

[...ipi:]

Taksih dasanamaning pipi: juring | paarasan | pangingspan | pahingspan | mambungan | pambêtan | pakuswan | juringa.

Punika dasanamaning gulu: jangga | jôngga | tgêg | lungaya | wijangan | lunggatan.

Punika dasanamaning susu

--- 118 ---

prêmbayun | payudara | mamlêkan | sêsêpan | sêp-sêp | prapuhan | êmpènga | sandha | wkanguman.

Punika dasanamaning kawadonan: baga | waga | turwaka | èstrika | sutawan | manikêm.

--- [119] ---

Punika dasanamaning pajalêran: kucika | kumlika | purusa | gurunga | jalwika | mlakika | jaluka | manika | gotula | culwaga.

Punika dasanamaning anunggil tilêm: marahsa | sanggama | mrêma langên | datwuha | pulangraras |

--- 120 ---

pulangjiwa | pulangkarsa | asmara | asmaragama | asmaratura | asmara turida | wor jiwa | pulangrêsmi | rasmika | sahwata | maklina | manêpta | nrêswaka | moratma | macampura | mor raswa | mong luluta.

--- [121] ---

Punika dasanamaning gamêlan: pradôngga | mradôngga | pradangga | gôngsa | nanta | surendra | sundarila | miswara.

Punika dasanamaning talèdhèk: tandhêk | tandhak | lenggot bawa | anggatura | masisringa | mikanyaka.

Punika dasanamaning badhut: [b...]

--- 122 ---

[...adhut:] gêcula | lunyat | macara-cara | mênthurang | guyêng | gêcul | lucwan | lalawora | mênculan | madrêngès | maturacara | glègès | gulang-gulang.

Punika dasanamaning bangsat: gêtho | bradhat | kêmplèk |

--- [123] ---

mtayap | manbrat | wangsat | mandurat | culika.

Punika namaning bangsat èstri: thuyul | jmigul | manylêra | durtastri | lanji | mlatah | gladrah.

Punika dasanamaning èstri awon solah: sêmbèr | lèwèr | sêmprèl |

--- 124 ---

kopmèl | mènthèl | conal | uwèg-uwèg | magondrok | duskarta.

Punika dasanamaning oblo: sundêl | jaliri | glodrèh | lènjèh | lanjika | sontrang | lonthe.

Punika dasanamaning maling: duratmaka | durjana |

--- [125] ---

durlaksana | pandung | ratrika | mandingkika | minte-inte | durangga.

Punika dasanamaning tiyang miskin: mudra | sudra | kêkerwa | mamwinlaka | prmana | mariminta | nisthaka | mêmasiha | papweka |

--- 126 ---

mismisa | druhaka | papa.

Punika dasanamaning tiyang mlarat: sangrara | citraka | nisdana | nirarta | tampunya | masrêda | mlasika | mawilasa | rêpwata.

Punika dasanamaning tiyang sugih: supunya | sudana |

--- [127] ---

suharta | sukarta | drêbala | grêbarta | martaka | mardika | danèswara | martana | mardana.

Punika dasanamaning tiyang singgih: iswara | kuncara | kapama | prawara | janardana | dinama-dama | prayayi |

--- 128 ---

wibawa | wirya | tiyasa | wandhawa.

Punika dasanamaning patrap sae: susila | sulaksana | subawa | sucara | sucala | sunada | sujihwa.

Punika dasanamaning warni sae: suwanda | suwarna | surupa | sutanggaya.

--- [129] ---

Punika dasanamaning trah linuwih: sujita | subraya | sudhangsa | suwrêga | sutdhaka.

Punika dasanamaning têmên: yêkti | tuhu | byakta | satya.

Punika dasanamaning goroh: linyok | dora | dyustaka | dutra |[11]

--- 130 ---

cetuhwa | nisatya | tambyakta.

Punika dasanamaning cacad: ceda | cedaka | weda | wedaka | meda | medaka | cèd | cadcad.

Punika dasanamaning angawoni tiyang: maeka | misaya | inupaya | piniala |

--- [131] ---

pinarantèn | igupadi.

Punika dasanamaning mirantosi sae: nyaranani | miguna | mikêna | miknani | masarati | manikara.

Punika dasanamaning tiyang angèngèr: suwita | suhita | ngawula | ngamba | madasih | ngêngera | ngabdi |

--- 132 ---

makathik | makparêk | mangutika | mawanga.

Punika dasanamaning kacêlakakên ing Gusti: parêk | piniji | pinitaya | kapiji | sinêlir | kasarira | kawarga | kaparêk | kapilih | kapêdhak.

Punika dasanamaning botên angsal sih: [s...]

--- [133] ---

[...ih:]

Taksih lajêng tiyang botên angsal sih: katiwar | kasingsal | kaèsi | bineda | kadinoh | kasimpar | tinimpar.

Punika dasanamaning tiyang angsal duka: binêndon | dinuhkan | sinêrêngan | rinuntêkan |[12] rinêngon | inujaran.

Punika dasanamaning nêpsu: [n...]

--- 134 ---

[...êpsu:] bramatya | bêndu | rêngu | krodha | mangkrak | duka.

Punika dasanamaning kagèt ing duka: kabangan | mênpêng karna | kagyat | mawinga-winga | madêgsura.

Punika dasanamaning sarèh ing duka: lilih | lêlah | sarônta | rèrèh.

--- [135] ---

Punika dasanamaning amisuwur: kasusra | kaloka | kuncara | kabawa | kalok | kacarita | kawursita.

Punika dasanamaning manah alim: paramarta | sadu | sadubudya | sumarta | martaka | susanta.

Punika dasanamaning angapura: [a...]

--- 136 ---

[...ngapura:] mangaksama | inamura | inaksama | minarma.

Punika dasanamaning sumêlang: wancak driya | walang-ati | sadeya | tahandriya | taha-taha | walang-driya.

Punika dasanamaning pakewuh: wèsthi | bêbaya | pringga | pakèwêd.

--- [137] ---

Punika dasanamaning rêmên: karênan | cita | dhmên | snêng | kaasih.

Punika dasanamaning kangên: onêng | karsita | kaarsita | kadriya.

Punika dasanamaning susah: sungkawa | sokaya | rêntêng | ribêng |

--- 138 ---

hrêdaya | duhkita | sangsaya.

Punika dasanamaning bingah: suka | trustha | arsa | kaarsan | bunghah | sukika | anggambira tyas.

Punika dasanama swaraning angguyu: sumyak | giyak | mangikika | ckakak |

--- [139] ---

maguguk | makruwuk | magruyuk | masênggak | malatah | marnyah | mangèkèk | magwèk.

Punika dasanamaning anangis: karuna | mular | tanghis | drawaya | drawat waspaya | muhun | manênggrêg.

Punika dasanama sambating tangis: [t...]

--- 140 ---

[...angis:] maringi-kringik |[13] ngaruara | nguca-pucap |[14] sêsambwat | mladati | mlantik | mlasasita.

Punika dasanamaning nulung tangis: ngrêrapu | nglêlipur | ngimur-imur | manghnêng-hnêng | mangrapu | ngarih-arih.

Punika dasanamaning mamrih sihing pawèstri: ngrumrum | ngungrum | manuhara |

--- [141] ---

rinêmih | mêmalad | malad-sih | malad-driya | mamèt prana | manadokara.

Punika dasanamaning amêksa: wirudha | rudapaksa | srênggara | goragadha | nrênggara | bandawasa | gigirwa.

Punika dasanamaning kalêson: kalêswan | kaluluhan | karêpwatan |

--- 142 ---

kalaratan | katrêsan | marlupa | nirbudyaka | kalarutan | kantu.

Punika dasanamaning kaêmban: sinambut | pinondhong | sinumbita | inojong | inêmban.

Punika dasanamaning pinilara: ginitik | pinukul | winisesa | siniasat |

--- [143] ---

siniksa | pinidana | pinisakit.

Punika dasanamaning pêpêjak: sindura | wdhak | bobok | parêmyang | konyoh | wêwjak.

Punika dasanamaning kulambi: rasukan | bajo | wingkisan | kewastra |

--- 144 ---

Punika dasanamaning sabuk: paningsêt | taliwanda | mêkêk madya | pusarangga | kêt pinggang | wêwênting | pansêtan | mahwêt | wêt-wêt.

Punika dasanamaning bêbêt: angkina | wastra | nywamping | sinjang | nyamir | swamir.

Punika dasanamaning kathok: [k...]

--- [145] ---

[...athok:]

Taksih lajêng dasanamaning kathok: sarwal | cingcingan | langcingan | wingkisan | cangcutan | tangdang | panrihakan | tathwak | katwak.

Punika dasanamaning ikêt: talimurda | dyastar | dhêsthar | cnêngan | mrèt | jikêng |

--- 146 ---

mlipêt | lipêt | lipis | lèpès | mirwan | mapirwan.

Punika dasanamaning kêkêmbên: samkan | pamkan | sanggwan | kamêkên | pamkak | sèntêkan | pamèntêk | sarêntêkan | mandulan |

--- [147] ---

Taksih dasanamaning kêkêmbên: cumênthêk | cunthing | cêcênthing | cêconthok | samwêk | sobêt.

Punika dasanamaning salendhang: sambita | samwiran | mnampir | songèr | nlentang | gmayut | mangban.

Punika dasanamaning parawan: kanya |

--- 148 ---

kêkran | rara | kèn | sriya | praban | mrawan | pingitan | sêngkran | brapan.

Punika dasanamaning salakirabi: palakrama | pinangantyan | pangantèn | jodhwan | wiwahan | somahan | paglèn | pangantiyan.

--- [149] ---

Punika dasanamaning mêtêng: garbini | grabinya | wabwat | bobot | wawrat | mnandhêk | mangidhwam | manggarba | garbaya.

Punika dasanamaning amanak: mambabar | mangja | mangrare | manganak | majabang | mawka |

--- 150 ---

sêsuta | pêputra | mutraja | wkaja | sutaja | sêsiwi | siwija.

Punika dasanamaning bocah: rare | rarya | wala | kacung | jabang | bayika.

Punika dasanamaning amulasara: [a...]

--- [151] ---

[...mulasara:]

Taksih lajêngipun amulasara: mdadah | glawthah | mamwapwak | manggrinda | ninggul | mangucla-ucla | mapdhêk | mawjêk | nyêkwaki | mwêk-mwêk.

Punika dasanamaning nusoni: ngomija | nêsêpi | ngêmpèngi | nuswani | mangêcuta | nyêp-nyêpi.

--- 152 ---

Punika dasanamaning nêmbagani rare: swuk | mangulup | manbur.

Punika dasanamaning busananing bayi: manggrita | mapwaki | mangwangkini | manlukupi.

Punika dasanamaning rare enggal agêng: wlagang | subur | walagwang | lwanggwar | longgor.

--- [153] ---

Taksih dasanamaning bayi enggal agêng: mlêdhwang | mlêdhung | mlenggoh | mlengoh | dumalundung.

Punika dasanamaning anak lajêng kathah: dumulur | dumlundung | walatantra | matantra | gumraya.

Punika namaning rare wanci umur sataun: cumucut | cumêncêp | sêsêrpan | ingêbun-êbun.

--- 154 ---

Punika rare wanci umur 3 taun: kumulêr | kumruwêt | kumungkêr | sumêga.

Punika namaning rare umur 5 taun: pangrusak taman | manggodhan | mambêsur | mtambuh.

Punika namaning rare wanci umur 7 taun: kumratu-ratu | kumingsun | dinama-dama | gumusti.

--- [155] ---

Punika namaning rare wanci umur 15: madiwasa | rumajakala | winanci | jumaka | jumakakala | jaka kumala-kala.

Punika namaning rare umur 18: sumungku | jumunun | mabêkti | drêda | ambêkti | mamituhu | micara.

Punika dasanamaning rupa: [r...]

--- 156 ---

[...upa:] warna | citra | wjujud | warni | wanda.

Punika dasanamaning ulat: gwaya | wulat | nitya | ujwala | jwalita.

Punika namaning ulat kang sae: wênês | mrêkati | sumunu | sumunar.

--- [157] ---

Taksih namaning polatan sae: sumèh | dlongèh | marênakên.

Punika namaning polatan awon: prêngut | basngut | marêngut | jêkutrut | suntrut | jabrut | sirung | mingut | nyêpaplu | nyêpaplêm | jèlblêm |

--- 158 ---

nylêkathêm | urêm | kumêl.

Punika namaning solah sae: tangginas | srigak | brêgas | cakrak | mrêkekas | parigêl | tarampil | dhèmês | anggas | ruruh | laras.

Punika namanipun kang solah awon: [a...]

--- [159] ---

[...won:]

Taksih lajêng namaning solah awon: sigun | kidhung | inggur | bringkung | bringkuk.

Punika namanipun dêdêging tiyang: pidaksa | sambada | panji-panji | rarangkung | lêncir | srêntêk | sdhepah | rêspati | prasada.

--- 160 ---

Punika dasanamaning paksi cohung: manyura | mrak | mngiglan | sêsimpir | mangwuhan | pangungang | blanceran.

Punika dasanamaning paksi garudha: kagapati | kukila raja | paksindra | patukaji | srikaga | nagendra | nagarda.

Punika dasanamaning ngobong wana: [w...]

--- [161] ---

[...ana:]

Lajêng namaning ngobong-obong wana: mlagar | wlagaran | obar-obar | balagar | mambakar | nunwana | mabasmara | tunwan | basmika.

Punika dasanamaning ngobong rêdi: jetun | mambêsman | manggsêngan | jetunan | mramanan | ngapuyan |

--- 162 ---

sikingan | gniyarag | tumangan | tatwaran | pdhiyangan | bêsmana | mngurêngan | purêngan | mobaran | mkatar.

Punika dasanamaning anênandur: nananwam | mtanja | mnuhar | mtaman | nananja | nasoblakên |

--- [163] ---

nyêblok | mêncarakên.

Punika dasanamaning anêbar wiji: mngulur | mnawur | mngurit | mnuwuh | mnêbar | ngumngratèn.

Punika dasanamaning bêdhol wiji: andhaut | mangrênggut | mrênggut | nênggut | nênggwat.

--- 164 ---

Punika dasanamaning andhangir: matut | matun | mngawug | mngadhuk | mnisir | mngurag-urag | mngarug | majgal.

Punika dasanamaning kawêton: kaolan | katulusan | katuwêtan | kamuwahan | kawtan | kaduluran | kadrêman.

--- [165] ---

Taksih namaning kawêdalan: karjkèn | mlèsèh | mngumbuk | mngambêk | mnumpuk.

Punika namaning ama pantun: jnada | mênthèk | ladhwah | amblêk | bang-bangan | walang | bungkêr | bragadag.

Punika namaning wanci pantun awit [awi...]

--- 166 ---

[...t] katanêm ngantos dumugi sêpuhipun: wanci nglilir | wanci ngrampo | wanci gmadhung | wanci mapak | wanci mêtêng | wanci mlêncuti | wanci mkatak | wanci gromboli | wanci ambyah | wanci nyanguki | wanci tmungkul | wanci kumêmping | wanci bangcuk | wanci kuning | manajèni | kumangag.

--- [167] ---

Punika namaning amêndhêti pantun: miwiti | wiwit | mangni | ngênèni | mandrêpi | mêmbawu.

Punika namaning pantun satunggal-tunggal utawi namaning kang sarwa tumuwuh sapanunggilanipun. Minôngka dados kalangkunganing sêsêrêpan. Kapratelakakên ngandhap punika.

Namaning pantun wulu: mênthik | kontulan | mênuran | garêman |

--- 168 ---

Taksih namaning pantun wulu: sampang | jrabangan | mênthik wangèn | uwèn | papaharèn | brêngos | nêtêp | pêndhok wêsi | sêngkawa | lêmbayungan | rôndha mèntèr | dhudha ngasag | sokanandi | genjah ragi | gewal | jambean | gôndapura | drèngès.

--- [169] ---

Taksih namaning pantun wulu: umbuk | jaka bolot | prawan antih | urab-urab | manjangan manglar | monteyan | bulêt | bale rante | salamêt | balean.

Punika namaning pantun cêmpa: cêmpa kirana | cêmpa monthèl | cêmpa utri | cêmpa lombok | cêmpa mriyi.

--- 170 ---

Taksih namaning pantun cêmpa: cêmpa gêlo | cêmpa kunir | cêmpa lêmbayungan | cêmpa ganggasan | cêmpa mênur | cêmpa wangèn | cêmpa arès | cêmpa klèwèr | cêmpa slamêt | cêmpa kapasan | cêmpa keyong | cêmpa wadêr | cêmpa dêlêg | cêmpa mèlèr | cêmpa dringo | cêmpa kopèk.

Punika namanipun pantun kêtan: [k...]

--- [171] ---

[...êtan:]

Taksih lajêng namaning pantun kêtan: kêtan sênggaringan, kêtan gajih | kêtan serang | kêtan lumbu | kêtan puwan | kêtan kuwuk | kêcêlêng | kêtan gondhil | kêtan pondhoh | kêtan genjah | kêtan ponggok | kêtan urang | kêtan kêpok | kêtan singkal | kêtan sobrah.

Punika namaning kêkrowodan [kêkro...]

--- 172 ---

[...wodan] ingkang dados ewoning rijêki, kapratelakakên namanipun piyambak-piyambak kados ing ngandhap punika.

